



Pou Biblikasyon Imedya: 22/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE HAVERSTRAW Ak OSSINING KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN REJYON MID-HUDSON LAN NAN KAD SENKYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA

*Eta a pral travay avèk rezidan, lidè kominote ak ofisyèl publik yo pou transfòme
anba lavil Haverstraw ak Ossining*

*Envestisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati esansyèl nan estrateji
global eta a pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Haverstraw ak Ossining ap resevwa 10 milyon dola finansman yo chak kòm gayan Rejyon Mid-Hudson nan kad senkyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Nan senkyèm faz DRI a, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik reyonal eta a yo ap resevwa 20 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 200 milyon dola nan finansman ak envestisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo apre COVID-19 nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Anba lavil nou yo se sant pou kominote yo konekte epi pwospere, epi antanke ansyen ofisyèl lokal, mwen konnen pèsònèlman kijan finansman transfòmatif sa ka ranfòse kalite lavi," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nou an, n ap kontinye bay kominote tankou Ossining ak Haverstraw, atravè eta a koutpous siplemantè yo bezwen pou rekipere de pandemi an epi kreye plis anba lavil ki pratik, abitab, kote moun ka mache."

Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare, "Si nou dwe rekonstui New York, nou dwe envesti nan anba lavil nan tout eta a, se poutèt sa Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la tèlman enpòtan. Ak envestisman sa nan amelyorasyon enfrastrikti yo, zòn sa yo ap tounen sant reyonal pou aktivite ekonomik ak kiltirèl."

DRI sèvi kòm yon pyè angilè politik devlopman ekonomik eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire redevlopman, biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Nan faz sa, Gouvènè Hochul te double finansman an soti nan 100 milyon dola rive 200 milyon dola epi pèmèt chak Konsèy Developman Ekonomik Reyjonal (Regional Economic Development Council, REDC) deside si pou nonmen de benefisyè 10 milyon dola oswa yon benefisyè 20 milyon dola pou pwojè reyamenajman k ap transfòme epi katalize anba

lavil yo. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominate yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba vil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme anba vil la ak maksimize plis envestisman prive ak publik. Y ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominate a pou anba lavil la. DRI a dirije pa Depatman Deta a (Department of State) ak atravè patenarya li ak Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), y ap bay benefisyyè yo sipò teknik pou ede yo enkli prensip netralite kabòn pou sipòte objektif eta a pou diminye emision gaz efè sèr yo a 85 pouzan disi 2050.

Haverstraw

Anba lavil Haverstraw se yon katye ki gen gwo dansite toupre bò rivyè Hudson lan. Vilaj la vize fè zòn sa tounen yon sant iben enklizif, ki abitab pou 21yèm syèk la kote rezidan ak vizitè yo ka viv, travay, aprann, epi jwe. Haverstraw te rete angaje pou revitalizasyon anba lavil la ak plizyè pwojè ki fini ak sa ki ankou, ki enkli plizyè developman izaj miltip, yon nouvo esplanad bò dlo ak amelyorasyon nan peyzaj lari yo. Pou apiye travay sa, Haverstraw vize redevlope espas ki vid, devlope espas publik, ogmante aktivite ekonomik epi bay aksè nan bò dlo a, epi anbrase istwa divèsifye yo a.

Ossining

DRI Ossining lan ap konsantre sou Distri Bò Dlo a. Avèk yon anba lavil ki alafwa sou Rejis Istwa Nasional ak Eta a (State and the National Historic Registers), Ossining vle itilize byen ki egziste yo, ki enkli yon istwa ki rich, enstalasyon publik, rezidan ki angaje, ak yon kominate biznis ki inovan, pou apiye siksè anban yo epi ranfòse anba lavil yo pou genyen pi gwo enpak ekonomik. Siksè anvan yo enkli yon developman plizyè izaj ki gen yon pak bò dlo, pwomnad, plach, ak yon kè pou lapèch sou yon ansyen teren endistriyèl, Sing Sing Kill Greenway, ak pwojè Mize Sing Sing Prison ki ankou a. Pou apiye pwojè sa yo, Ossining vize amelyore sèvis kominotè yo, ogmante aksè ak enpak ekonomik bò dlo a, devlope espas publik, epi reyafekte zòn yo pou developman.

Konsèy Developman Ekonomik Rejjonal Mid-Hudson lan (Mid-Hudson Regional Economic Development Council) te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan tout rejyon an, epi konsidere tout sèt kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Haverstraw ak Ossining kòm rejyon ki nonmen:

- Anba lavil la dwe konpак, ak limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak publik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantiite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevelopman epi fè kwasans lan dirab;

- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi, ki gen ladan itilizasyon bank fonsye lokal yo, kòd repatisyon zòn ak estanda pakin modèn, plan ri konplè, pwojè pou efikasite enèjetik, travay ekolojik, ak devlopman ki oryante sou transpò komen;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ y ap kapab mete nan yon plan envestisman estratejik DRI;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmatè ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Haverstraw ak Ossining rejwenn vil Middletown, Kingston, New Rochelle ak Peekskill, ki se te gayan Rejyon Mid-Hudson lan nan senk premye faz DRI yo, youn apre lòt.

Yon ekip ekspè eta a nan plizyè ajans ki dirije pa Depatman Deta a ap travay kounye a ak Haverstraw ak Ossining pou kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil yo ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Komite Planifikasyon Lokal yo (Local Planning Committee) ki konpoze ak reprezantan minisipal, lidè kominotè ak lòt pati ki konsène yo ap dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a. Plan Envestisman Estratejik yo ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki ale nan menm sans ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik yo ap gide envestisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize epi ogmante envestisman 10 milyon dola eta a. Plan pou senkyèm faz DRI a pral fin konplete an 2022.

Sekretè Eta a, Rossana Rosado te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap ede bay ekonomi averstraw ak Ossining jarèt pandan y ap soti nan pandemi an. Depatman Deta a pa ka tann pou travay ak chak vilaj pou devlope yon plan estratejik k ap eksplwate envestisman prive yo pou kreye pi bon kote pou rezidan, biznis ak vizitè yo isit la nan rejyon Mid-Hudson lan."

Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Felisitasyon pou Ossining ak Haverstraw pou plan ekstraòdinè yo pou revitalize kominote anba lavil yo. Toulede pataje konsèp ki komen ki fòme yon tèm santral - bò dlo yo, istwa yo, ak kominote divèsifye epi ki rich sou plan kiltirèl yo bay yon fondman solid kote anba labil yo ka pwospere epi fleri. Konbinezon gayan sa, ansanm ap sipò DRI a, asire ke kominote Ossining ak Haverstraw yo ka kontinye pwospere pou jenerasyon k ap vini yo."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvelman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon estrateji konplè epi ki gen plizyè aspè ki fèt pou relve epi rebay enèji nan ekonomi lokal New York yo. Haverstraw ak Ossining se de bèl kominote bò rivyè ki gen atou ki enpòtan ak popilasyon k ap ogmante. Pri 10 milyon dola ki anonse jodi a ap ede sant anba lavil sa yo maksimise potansyèl yo epi devlope opòtinite lojman ki nan pri ki abòdab pou Nouyòkè yo."

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "NYSERDA kontan pou fè patenarya ak kòlèg nou yo nan Depatman Deta a pou fè objektiv netralite kabòn lan avanse nan dad efò revitalizasyon anba lavil Eta a. Nou pa ka tann pou bay sipò teknik ak oryantasyon a Haverstraw ak Ossining pandan y ap antre prensip efikasite enèji yo nan plan yo nan sipò pou favorize plis kominote ki dekabonize, ki dirab nan tout eta a pandan n ap rekonstui ekonomi ekolojik nou an."

Senatè James Skoufis te deklare, "Chwa Haverstraw kòm yon gayan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pasyonan, epi l ap bay finansman eta ki sible pou pwodui nouvo envestisman ki sipòte kwasans ekonomik nan kominote a. Konpliman pou ekip Haverstraw la pou travay yo pou genyen aplikasyon sa, epi remèsiman pou Gouvènè Hochul."

Senatè Elijah Reichlin-Melnick te deklare, "Plan DRI Ossining lan eksplwate kèk nan meyè atou kominote a, ki enkli bò dlo ak eritaj rich li a, pou kreye yon distri ki pi dinamik epi angaje ki akeyi nouvo rezidan, vizitè ak biznis. Mwen rekonesan ak Gouvènè Hochul, Depatman Deta a, ak Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan pou enplikasyon yo nan gwo pwogram sa, epi mwen gen antouzyas pou selebre gwo nouvèl sa ak rezidan ak ofisyèl yo nan Ossining."

Manm Asanble Kenneth Zebrowski te deklare, "Finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil 10 milyon dola sa ap genyen yon enpak ki transfòmatif sou Vilaj Haverstraw a. Envestisman eta a ak lòt efò lokal yo pou kreye yon kominote bò rivyè ki dinamik ki ankouraje nouvo rezidan ak biznis pou tabli rasin yo, epi akeyi vizitè pou eksplor tout sa vilaj la genyen pou ofri. Se yon jounen ki pasyonan, epi mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul."

Manm Asanble Sandy Galef te deklare, "Anons jodi a se yon gen pou Ossining, epi mwen pa t ka pi kontan pou pataje nouvèl la ak Gouvènè Hochul. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te ede minisipalite yo nan tout rejyon an pou relanse kwasans ekonomik, epi mwen kontan anpil pou obsèvè pwojè sa yo ak amelyorasyon ki soti nan sibvansyon 10 milyon dola sa pote fui. Felisitasyon!"

Majistra Haverstraw, Michael Kohut te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul, pou gran onè sa. Mwen fyè anpil pou tan kolektif, devouman ak efò ki antre nan plan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nou an. Remèsiman mwen pou chak moun ki te ede nou atenn somè sa epi pote lakay nou finansman pou developman ekonomik ki sible sa."

Majistra Ossining, Rika Levin, te deklare, "Sa se yon gwo jou pou Ossining, ak yon testaman de travay di anpil moun isit la nan vilaj la. Mèsi Gouvènè Hochul paske ou livre angajman 10 milyon dola a pou kominote nou an. Nou pa ka tann gwo pwojè ak pwogrè ke finansman sa apiye yo."

Prezidan Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal Mid Hudson Ian, Doktè Donald P. Christian, Prezidan SUNY New Paltz, te deklare, "Felisitasyon pou Ossining ak Haverstraw pou plan ekstraòdinè yo pou renovasyon kominote anba lavil yo. Envestisman sa yo ap ede bay enèji nan anba lavil yo, devlope biznis lokal yo epi transfòme kominote yo. Pwojè inovan epi byen reflechi DRI a te fè yon reyèl diferans nan eta a epi l ap bay plis sipò a travay nou pou reimajine epi rabati yon New York ki pi solid toujou pou lavni."

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman. Inisyativ la reprezante yon estrateji planifye-pou-aji ki inovan e san presedan ki asosye planifikasyon estratejik ansanm ak yon mizannèv imedya.

Nan kat premye ane pwogram nan, eta a te angaje 400 milyon dola pou envesti nan anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redvelopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Senkyèm faz DRI a pral gen yon angajman siplemantè 200 milyon dola. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo akòde chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan envestisman estratejik pou anba lavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizayon avanse ak maksimize envestisman siplemantè prive ak publik yo.

Reyamenajman anba lavil la jwe yon wòl esansyèl nan efò nasyonal Eta a pou ranvèse chanjman klimatik ak pwomouwva jistis sosyal nan kreye kominote ki aksesib pou pyeton, bisiklèt ak transpò an komen ki redui anpil itilizasyon otomobil ak emisyon gaz a efè sè yo. DRI sipòte tou inisyativ Sante Eta a Atravè tout Règleman/NY Adapte pou Laj (State's Health Across All Policies/Age-Friendly NY) a nan kreye plis opòtinite pou lwazi ak egzèsis anplennè; ofri espas publik sekirité, aksesib pou entèraksyon sosyal, ki amelyore sante mantal; ak elaji aksè ak manje fre, nitritif, espesyalman nan kominote defavorize yo.

Se Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado ki nan tèt inisyativ la. Kominote yo resevwa ankadreman nan men ekspè sektè prive yo ak yon nan men yon ekip pèsonèl ajan etatik ke Depatman Deta dirije an patenarya sere ak Empire State Devlopment, ak Renouvèlman Kominotè ak Lojman eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)